

LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK

Nama :
No Absend :
Kelas : VI (Enam) B
Mapel : Bahasa Jawa
Materi : Bab 1 Peristiwa Budaya
KD : 4.3 Menceritakan teks nonsastra tentang tradisi dengan ragam krama.



Tradisi Ngirim Kertu Riyaya Mung Kari Crita

Ing wiwitan tahun 1980, kertu riyaya kuwi minangka kertu ucapan sing digandrungi dening masyarakat, mligine kawula mudha. Saben ngadhepi dina riyaya, toko sing sumadya kertu riyaya mesthi rame dikebaki wong toko.

Kertu riyaya ora mung didol ana toko. Akeh para seniman sing padha dodolan kertu riyaya ing pinggir dalan. Malah kepara luwih laris amarga kertune duwe nilai seni sing apik. Kertu sing didol dening para seniman kuwi mau asli lukisan tangan. Para nom-noman sing kepengin pesen kanthi desain khusus uga bisa dilayani dening para seniman. Anggone gawe kertu riyaya kuwi mau bisa dienteni. Ewasamono, regane murah. Mula, ora gumun yen kertu riyaya gawean para seniman kuwi mau luwih narik kawigaten.

Kertu riyaya kang didol ana ing toko kuwi racake kertu riyaya sing dicetak dening mesin modern. Gambar lan tulisan ucapane maneka warna. Nanging, saben gambar lan ukara bisa kacitak puluhan malah nganti atusan kertu. Mula ora gumun, yen sok ana wong entuk kertu ucapan riyaya saka pengirim sing beda nanging kertune plek padha.

Kertu ucapan kuwi sabenere wis dikenal watara 4000 tahun kepungkur. Bangsa Mesir kuna wis ngenal *scarabs*, watu aji wangun kumbang. Sauntara Romawi padha ijol-ijolan simbol kesehatan lan uga karep becik wangun woh-wohan garing lan madu. Ana uga, simbol sing digawe saka lempung bakar. Wondene kertu ucapan dipelopori dening John Calcott Horsley, seniman London, sing sabanjure tahun 1843 nggawe kartu natal sing kawitan. Ing kertune ditulis ukara sing nganti seprene isih populer, yaiku "A Merry Christmast and A Happy New Year to You". Kertu Natal kuwi mau banjur dadi bisnis sing nguntungake tumrape seniman, penulis, pelukis, lan pematret.

Banjur kepiye sejarane kertu riyaya? Angel banget nemtokake wiwit kapan umat Islam nggunakake kertu riyaya. Saperangan, umat Islam nganggep yen kertu riyaya kuwi dudu tradisi Islam. Ewasemana, nggunakake kertu riyaya ora dilarang yen tujuane kanggo silaturahmi marang umat Islam liyane sing omahe ing liya dhaerah.

Senajan kertu riyaya wektu semana mung populer ing kalangan winates, kayata ing instansi pemerintah lan perusahaan, nanging kertu riyaya uga dikenal ing Hindia Belanda. Taun 1918, ana kertu riyaya sing sengaja digawe dening Singer Sewing Machine Co. Saliyane ngucapake selamat riyaya, ing kertu kasebut uga dikantheni pepenget sing ditujokake marang para penyewa mesin jait murih padha nyelengi kanggo mbayar sewan sasi Juli lan Agustus 1918. Sajake wektu semana kartu riyaya wis dadi ajang promosi, nawakake barang asil produksi. Mung wae sumebore ing kalangan winates.

Mangkono kertu riyaya terus ngrembaka kanthi owah-owahan gambar, tulisan, lan ukurane. Gambar sing terus-terusan kapacak, yaiku gambar kupat lan gambar mesjid. Gambar liyane bisa gonta-ganti mung kanggo pepasren. Kertu riyaya iki terus sumebar lan dadi srana ngucapake selamat riyaya marang para mitra sing adoh papan panggonane.

Nanging, sawise teknologi canggih mbanjiri Indonesia, wiwit taun 1990-an kertu riyaya saya surut banjur ilang. Kertu sarana kanggo ngucapake selamat riyaya mau kaganti piranti ponsel lan internet. Kertu riyaya kuwi kala-kala isih dienggo kanggo nganteni parsel sing dikirim saka perusahaan kanggo memitran.

Panyebar Semangat, No 33-17 Agustus 2013 kanthi owah-owahan

Ayo berlatih 1!

Benerna ukara ing ngisor iki kanthi ngowahi tembung sing dicitak miring!

1. Teknologi canggih wis *banjir* Indonesia.

Wangsulan :

2. Gambar kupat terus-terusan *pacak* ing kertu riyaya.

Wangsulan :

3. Kertu riyaya kang *dodol* ing toko dicitak nganggo mesin modern.

Wangsulan :

4. Kertu riyaya wis *kenal* watara 4.000 taun kepungkur.

Wangsulan :

5. Kertu ucapan *pelopor* dening John Calcott Horsley.

Wangsulan :

6. Ing kartu natal *tulis* ukara "A Merry Christmast and Happy New Year to You".

Wangsulan :

7. Kertu riyaya dikirim saka perusahaan kanggo *mitra*.

Wangsulan :

8. Kertu riyaya sawijining kertu sing *gandrung* dening masyarakat.

Wangsulan :

9. Nalika semana, kertu riyaya mung populer ing kalangan *wates*.

Wangsulan :

10. Nalika semana, kertu riyaya uga dadi ajang *tawa* barang asli produksi.

Wangsulan :